



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE BAY 60 MILYON DOLA POU PWOJÈ  
ENFRASTRIKTI VÈT TRANSFÒMATÈ  
KI KONBAT EFÈ CHANJMAN KLIMATIK YO NAN  
ETA NEW YORK**

***Pwogram Sibvansyon pou Rezistans Ekolojik la fè avanse pwogram rezistans  
konplè Eta Leta Gouvènè Hochul 2024 la***

***Lwa sou Obligasyon pou Dlo pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik 2022 an pati te  
sipòte prèske 50 pousan finansman pou pwojè Vil New York yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 60 milyon dola nan finansman Sibvansyon pou Rezistans Ekolojik (Green Resiliency Grant, GRG) pou sipòte 13 pwojè enfrastrikti vèt transfòmatè atravè eta a. Pwojè yo pral konbat efè chanjman nan klima, patikilyèman nan kominote defavorize epi ki ekspoze ak inondasyon. Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act), ki sipòte Pwogram GRG a, pral reponn a angajman rezistans Eta Leta Gouvènè Hochul te pran pou pwoteje Nouyòkè yo kont move tan ekstrèm epi asire aksè ekkitab a resous dlo pwòp. Avèk prèske mwaye nan fon yo te akòde Vil New York pou rann vil la pi rezistan, anons jodi a mete aksan sou devouman inebnanlab eta nou an nan abòde yon avni fleksib ak pi vèt pou Vil la.

"Siklòn Helene ak Milton raple nou yon lòt fwa sou ijans ki nesesè pou investi nan mezi rezistans pou kenbe kominote nou yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Enfrastrikti solid ak dirab se premye liy defans nou an. Ansanm ak investisman san parèy nan dlo pwòp eta nou an, Lwa sou Obligasyon an ap ranfòse enfrastrikti nou an epi pwoteje kominote nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

GRG fè pati [plan konplè rezistans](#) Gouvènè Hochul ak aksyon pou [pwoteje dlo pwòp](#) ki prezante nan diskou Eta Leta ak bidjè egzekitif 2024 la. Gouvènè Hochul te angaje 60 milyon dola nan pwogram avril 2024 pandan Semèn Latè epi Environmental Facilities Corporation (EFC) administre sibvansyon yo atravè Eta New York. EFC te pibliye direktiv sou elijibilite pou konsilte piblik la apati mwa mas e li te itilize kòmantè piblik la sou pwojè direktiv pou elijibilite pou ede enfòmè devlopman pwogram nan.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral EFC a, Maureen A. Coleman, te anonse sibvansyon yo nan yon evènman ki te òganize jodi a nan Pak Van Cortlandt, nan Bronx. GRG pral sipòte yon pwojè sibvansyon 10 milyon dola pou revitalize Tibbetts Brook la. Yon fwa li bare ak antere pou kreye yon letan moulen, Tibbetts Brook la pral detere epi reyachemine lè l sèvi avèk teknik inovatè enfrastrikti vèt. Sa a pral non sèlman retabli vwa navigab la nan eta natirèl li, men tou, siyifikativman redwi egou konbine debòde nan Rivyè Harlem pou plis pase 200 milyon galon chak ane. Pwojè a pral kreye tou yon nouvo zòn pak fewovyè-santye, ki pwolonje Putnam Greenway epi bay rezidan yo aksè amelyore nan nouvo espas ouvè ak nan Pak Van Cortlandt. Lè w konekte ak Empire State Trail 1207 km, inisyativ sa a favorize yon eksperyans deyò ki pi aksesib epi agreyab pou moun k ap mache ak pedale.

Pwojè Tibbetts Brook la se youn nan twa nan Vil New York ki resevwa sibvansyon vèt, ki totalize prèske 27 milyon dola nan premye seri pwogram GRG sa a, ki montre angajman Eta a pou devlopman iben dirab ak rezistan.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal Eta New York, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Gouvènè Hochul konprann enpòtans pou ranfòse enfrastrikti minisipal yo pou konbat efè chanjman klimatik yo. EFC angaje pou avanse plan rezistan Gouvènè a pou akòde sibvansyon enpòtan bay kominote ki pi bezwen li. Eta New York ap pote nouvo envestisman, enfrastrikti modèn, ak djòb vèt ki byen peye nan kominote yo."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la, Sean Mahar, te deklare,** "Solisyon enfrastrikti vèt yo ede pwoteje kominote nou yo ak anviwònman an nan kaptire, absòbe, ak jere pi byen dlo lapli apre inondasyon ki ogmante ak move tan ki lakòz chanjman klimatik yo. Atravè envestisman jenerasyonèl Gouvènè Hochul soti nan Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik ak lòt sous, New York ap fè pwogrè kontinyèl pou amelyore rezistans nan kominote ki ekspoze a inondasyon atravè eta a, espesyalman nan kominote sa yo ki pi chaje ak polisyon anviwònman an ak enpak chanjman klimatik yo. Envestisman 60 milyon dola jodi a se yon lòt egzanp briyan sou fason New York ap pwoteje kominote yo atravè eta a."

**Komisè Depatman Pak ak Iwazi Vil New York la, Sue Donoghue, te deklare,** "Pandan n ap konfwonte ak efè chanjman klimatik la li esansyèl pou nou ranfòse enfrastrikti yo pou rann kominote nou yo pi rezistan kont chanjman klimatik. Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li bay finansman pou pwojè enfrastrikti vèt esansyèl sa yo ki pral amelyore rezistans nan zòn ki ekspoze a inondasyon, ki pral minimize enpak evènman move tan ekstrèm yo, epi ki pral asire aksè a dlo pwòp."

**Direktè Klima Vil New York ak Komisè DEP, Rohit T. Aggarwala ,te deklare,** "Abòde chanjman klimatik, jere dlo lapli ak netwaye anviwònman an pou prèske mwaye popilasyon eta a pral mande pou yon kantite lajan enpòtan nan envestisman ak prim Sibvansyon pou Rezistans Ekolojik yo se bon egzanp nan fason Eta a atake pwoblèm epi rejwenn vil la pou pataje depans yo. Mwen rekonesan anvè EFC ak DEC dèske yo

rekonèt bezwen sa yo epi mwen espere kontinye patenarya sa a pou amelyore kondisyon lavi konsitwayen nou yo."

**Pwojè ki jwenn sibvansyon:**

**Ajans Devlopman Endistriyèl nan Konte Broome:** 1.475 milyon dola pou inisyativ vèt Roberson Museum pou entegre basen byoretansyon, chose ki pèmeyab, twou vejetal yo, ak restorasyon tanpon rivyè yo pou jere dlo lapli epi amelyore rezistans nan evènman inondasyon nan Manwa Roberson istorik ak enstalasyon ki asosye yo nan Binghamton.

**Otorite Egou Buffalo:** 8.75 milyon dola pou Pwojè Pak Rain Check 2.0 pou mete an plas tranche pyebwa dlo lapli, jaden lapli, sistèm depo dlo, ak chose ki pèmeyab nan senk pak. Pwojè a pral redwi ekoulman dlo lapli a 100,000 pye kib chak ane, diminye egou konbine pandan evènman move tan ekstrèm, lite kont efè chalè iben yo, amelyore kalite lè a, ak ogmante posibilite lwazi.

**Vilaj Dolgeville:** 1.75 milyon dola pou Pwojè Pak Bò Dlo North Main Street la pou aplike tranche pye bwa, yon basen enfiltrasyon, chose ki pèmeyab, ak yon pant ekolojik pou redwi ekoulman nan sistèm egou tanpèt la ak Wiso East Canada. Pwojè a pral amelyore kalite dlo a epi li pral bay premye koneksyon aksesib piblik la nan ravin panoramik la, pou amelyore aktivite lwazi. Plan yo enkli yon lakou rekreyasyon, jaden balanswa, paviyon, ak chemen pou mache sou chose ki pèmeyab.

**Vil Geddes:** 1.025 milyon dola pou Pwojè Renovasyon Enfrastrikti Vèt Pak Dwight Business la pou enstale retansyon ekolojik, twou vejetatif, ak chose ki pèmeyab nan pozisyon estratejik nan pak biznis la. Pwojè a pral redui kontaminan ki soti plizyè kote k ap antre nan Lak Onondaga pandan y ap restore yon jan mwens pase mwatye ekta nan marekaj epi redwi efè chalè vil yo.

**Vilaj Hastings-On-Hudson:** 2.5 milyon dola pou Pwojè Basen Detansyon Pwolonje Farragut Parkway pou estoke ekoulman, kenbe yo an plas pou polyan yo ka depoze epi pou enfiltrasyon ak evapotranspirasyon. Basen detansyon an ak derivasyon drenaj la pral diminye debi pwent an aval pik ki desann nan Boutilliers Brook, yon kou dlo souvan akable pandan evènman tanpèt yo epi bese inondasyon ki pèsistan ak destriktif ki gen eksperyans nan yon zòn rezidansyèl yo.

**Vil Kingston:** 4.375 milyon dola pou Pwojè Amenajman Peyizaje San Danje ak Aksesib Flatbush & Foxhall pou ajoute fose byolojik ak twou pyebwa pou dlo lapli pou amelyore rezistans klimatik, redwi dlo koule, epi pwoteje resous natirèl yo. Amelyorasyon nan lari yo pral ogmante sekirite pou pyeton ak siklis yo nan yon katye iben ki mouvman.

**Vilaj Mamaroneck:** 6.6 milyon dola pou Efò Retablisman Plèn Inondab pou bese risk inondasyon nan yon zòn ki gen gwo risk ki deziyen nan kreye de ban plèn inondab. Pwojè a pral ogmante kapasite depo inondasyon ak amelyore kalite dlo ak filtraj sediman natirèl.

**Depatman Pak ak Lwazi Vil New York:** 10 milyon dola pou pwojè rezistans ak dlo lapli Harlem Meer. Atravè enfrastrikti dlo entelijan ak restorasyon ekolojik, pwojè a pral transfòme plan dlo nò Central Park an yon sistèm letan miltip pou jesyon dlo lapli, sa ki redui risk inondasyon nan Central Harlem ak East Harlem.

**Otorite Lojman Vil New York:** 6.85 milyon dola pou pwojè Jefferson Houses Cloudburst pou jere, estoke, ak filtre dlo lapli k ap koule nan yon devlopman lojman piblik nan East Harlem. Pwojè a pral enstale yon sistèm retansyon anba tè, chose an beton ki pèmeyab, ak de teren avèk gazon sentetik. Pratik enfrastrikti vèt sa yo pral diminye efè zile chalè nan vil yo pandan y ap bay rezidan yo aksè nan espas lwazi deyò.

**Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York:** 10 milyon pou Pwojè Ekleraj Natirèl Tibbetts Brook pou diminye devèsman egou konbine nan Rivyè Harlem a plis pase 200 milyon galon chak ane, ak aksè amelyore nan nouvo espas ouvè ak nan Pak Van Cortlandt, sa ki amelyore kalite lavi pou rezidan yo.

**Vil North Tonawanda:** 1.5 milyon dola pou Pwojè Amelyorasyon Enfrastrikti Vèt Oliver Street la pou konvèti teras ki enpèmeyab tounen nan espas vèt, diminye lajè pavaj, plante pye bwa nan lari, epi enstale tè estriktirèl ak/oswa zòn byoretansyon. Pwojè a pral pwolonje yon egou tanpèt ki egziste deja epi separe egou tanpèt ak sanitè konbine, sa ki pral redui dechaj ki pa trete nan Rivyè Niagara.

**Vil Ogdensburg:** 2.925 milyon dola pou Pwojè Anbelisman, Enfrastrikti Vèt ak Rediksyon Dlo Tanpèt Anba Lavil Mall la pou entegre sifas chose ki pèmeyab epi ajoute teknik jaden lapli ak byoretansyon. Pwojè a pral amelyore kalite dlo nan Rivyè St. Lawrence epi redui kantite dlo lapli kap rantre nan egou dlo lapli sanitè konbine vil la. Yon nouvo pak pòch pral gen yon konsepsyon nan peyizaj pou kenbe ak reyitilize dlo lapli. Ekleraj LED ak estasyon rechaj machin elektrik yo pral ankouraje plis opsyon enèji renouvlab pou diminye anprent kabòn jeneral zòn pakin lan.

**Vil Utica:** 2.25 milyon dola pou Retablisman Plèn Inondab Wiso Nail pou konstwi ban inondasyon epi enkòpore zòn tanpon rivyè yo oswa marekaj sou Wiso Nail nan konvèjans Ravin Halleck, pou adrese inondasyon pandan evènman tanpèt yo.

### **Kominote ki Defavorize yo**

Kominote ki defavorize yo se sila ki idantifye nan Gwoup Travay sou Jistis Klimatik la (Climate Justice Working Group), konfòmman ak [Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a](#). Chanjman klimatik afekte kominote defavorize yo yon fason ki pa pwopòsyonèl, epi yo gen plis risk polisyon, inondasyon, ak chalè ekstrèm. Kominote defavorize yo dwe resevwa 35 pousan pou pi piti, avèk objektif 40 pousan, nan benefis total finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral 4.2 milya dola a. EFC te chèche depase objektif 40 pousan pou pwogram GRG a.

### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

Eta New York kontinye ogmante envèstisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2025 Gouvènè Hochul te anonse a, New York pral investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa a. Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap ede asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi asire kominote yo ka pwofite envestisman sa yo. Gouvènè a te ogmante sibvansyon WIIA pou pwojè dlo ize soti nan 25 a 50 pousan nan depans pwojè elijib nèt yo pou pi piti kominote epi ki defavorize yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT>.

Finansman sa a se anplis lòt gwo envestisman nan kalite dlo, ki gen ladan Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 4.2 milya dola elektè yo apwouve ki ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè atravè Eta New York, enkli 309 milyon ke yo mete disponib pou kominote defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)